दिन– मंगलवार	दिनांक–20.05.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ	अवधिः–05 मिनट

---

विदेश सचिव विक्रम मिसरी आइ नव दिल्ली मे संसद भवन में बहुदलीय प्रतिनिधिमंडल के ऑपरेशन सिंदूर आ ओकर बाद भारत–पाक संघर्षक स्थिति के लऽकऽ पूरा जनतब देलनि। ई प्रतिनिधिमंडल भारतक कूटनीतिक पहल के अंतर्गत काल्हि सँ विभिन्न देश सभक दौरा पर जायत। सरकार विभिन्न देश मे भारतक पक्ष के पाकिस्तान प्रायोजित आतंकवादक विरूद्ध प्रस्तुत करबाक लेल सात बहु–पार्टी प्रतिनिधिमंडल के पठेबाक घोषणा कयने छल।

---

लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक अध्यक्ष आ केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान कांग्रेस आ आन विपक्षी दल सभ द्वारा बहुदलीय शिष्टमंडल मे सम्मिलित कयल गेल नाम पर विवाद के अनावश्यक जनौलनि अछि। श्री पासवान कहलनि जे विपक्ष के अंतर्राष्ट्रीय विषय सभ पर विवाद नहिं करबाक चाही। एहि सँ भारतक अंतर्राष्ट्रीय प्रतिष्ठा के ठेस पहुंचैत अछि। ओ कहलनि जे केन्द्र सरकार द्वारा ऑपरेशन सिंदूर आ ओकर बाद भारत–पाकिस्तानक मध्य संघर्षक मुद्दा के लऽकऽ विश्व समुदाय के समक्ष भारतक पक्ष रखबाक लेल योग्य लोकनिक शिष्टमंडल गठित कयल गेल अछि। ई निर्णय स्वागत योग्य अछि। एहि सँ भारतक पक्ष आओर मजगूत होयत।

---

केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे विकसित भारत बनेबाक लक्ष्य के प्राप्त करबाक लेल कृषि विकास दर के पाँच प्रतिशत के स्तर पर बनौने राखब आवश्यक अछि। श्री चौहान नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत कहलनि जे एहि लक्ष्य के प्राप्त करबाक लेल सरकार कृषि क्षेत्र के प्राथमिकता के सूची मे सभ सँ ऊपर राखलक अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राज्य मे संभावित बाढ़ि आ सुखाड़क स्थिति सँ निबटबाक तैयारी के समीक्षा कयलनि। श्री कुमार सचिवालय भवन मे उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक कयलनि। ओ मानक संचालन प्रक्रिया के पूरा करैत बाढ़ि आ सुखाड़क तैयारी के एहि मासक अंत धरि पूरा कऽ लेबाक अधिकारी लोकनि के निर्देश देलनि अछि। श्री कुमार सभ क्षतिग्रस्त सड़कक मरम्मति के काज पूरा करबाक, तटबंधक वर्तमान स्थिति के पता लगेबाक आ आन आवश्यक उपाय करबाक लेल सेहो कहलनि अछि। मुख्यमंत्री संभावित सुखाड़क समीक्षा के दरमियान राज्यक कम वर्षा होबऽबला जिला सभ मे किसान लोकनि के खेती के लेल सभ प्रकारक आवश्यक मददि करबाक लेल कहलनि अछि। ओ पेयजल के दिक्कतबला क्षेत्र सभ मे जल आपूर्ति सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। वीडियों कॉन्फ्रेंसक माध्यमे आयोजित समीक्षा बैसक मे सभ जिलाक जिला पदाधिकारी आ विभागीय पदाधिकारी सम्मिलित भेलाह।

---

स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय कहलनि जे जनहितैषी योजना के जनतब अस्पताल धरि पहुंचब आवश्यक अछि। श्री पांडेय पटना के बाबू टावर मे आयुष्मान भारत, प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना आ मुख्यमंत्री जन आरोग्य योजनाक अंतर्गत राज्य स्तरीय कार्यशाला के संबोधित करैत कहलनि जे योजना सभक लाभ हरेक व्यक्ति धरि पहुंचबाक चाही। श्री पांडेय कहलनि जे छब्बीस सँ अट्ठाईस मई धरि सभ राज्यक सभ प्रखंड मे आयुष्मान भारत कार्ड बनेबाक विशेष अभियान चलाओल जायत।

---

राजदक वरिष्ठ नेता आ विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव दावा कयलनि अछि जे आगामी विधानसभा चुनाव मे इंडिया गठबंधन के जीत होयत। गया मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप करैत श्री यादव कहलनि जे राज्यक जनता परिवर्तन के मोन बना चुकल अछि। ओ कहलनि जे सरकार बनला पर लोक सभ के महंगाई, बेरोजगारी आ अराजकता सँ मुक्ति दिएबाक लेल कतेको योजना लागू करताह।

---

राज्यक बेसीतर भाग मे प्री–मॉनसून परिस्थिति के कारण अंधर–वर्षा लगातार भऽ रहल अछि। किछु ठाम ठनका सेहो खसल अछि। विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार सभ सँ बेसी वर्षा सतासी दशमलव आठ मिलीमीटर अररिया के जोकीहाट मे दर्ज कयल गेल। विभाग अगिला अड़तालीस घंटा मे पश्चिमी आ पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, शिवहर, सीतामढ़ी, मधुबनी, रोहतास, औरंगाबाद आ गया सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य आ दक्षिण–पश्चिम भाग सभ मे कतेको ठाम अंधर आ वर्षा के चेतावनी देलक अछि। एम्हर, बिहार राज्य आपदा प्रबंधन प्राधिकार खराब मौसम के दरमियान लोक सभ सँ सतर्क आ सावाधान रहबाक अपील कयलक अछि।

———————————————————————————

सुपौल जिलाक फराक–फराक थाना क्षेत्र मे ठनका के चपेट मे अयला सँ दू गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि। जिलाक करजाईन थाना क्षेत्र अंतर्गत बौराहा मे एक अधेड़ व्यक्ति के मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि वज्रपातक दोसर घटना मे त्रिवेणीगंज थाना क्षेत्र अंतर्गत गणेशपुर मलहनमा मे एक गोटे के मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————————

बिहार अन्वेषण ब्यूरोक टीम समस्तीपुर सदर अस्पतालक हेल्थ मैनेजर विश्वजीत रामानंद के शव वाहन के चालक जयराम सिंह सँ चारि हजार टाका रिश्वत लैत रंगेहाथ गिरफ्तार कयलक।

———————————————————————————

अररिया जिलाक सिकटी मे एसएसबी आ पुलिस संयुक्त छापामारी कऽ चौवन लीटर नेपाली शराबक संग एक तस्कर के गिरफ्तार कयलक अछि। एम्हर, मधुबनी जिलाक जयनगर मे एसएसबी के जवान सीमा क्षेत्र मे गश्ती के दरमियान एक तस्कर के भारी मात्रा मे नेपाली शराबक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।